

**LEKÒL PIBLIK CAMBRIDGE**  
**KONTRA ITILIZASYON APARÈY ELEKTWONIK**  
**POU APARÈY ELEKTWONIK YO PRETE ELÈV YO**

---

Non Elèv

---

Klas

---

Dat

---

Nimewo ID Elèv

---

Non Paran/Gadyen

Mwen rekonèt nan dokiman sa a ke yo te ban mwen e mwen te resevwa yon Aparèy Elektwonik nan Lekòl Piblik Cambridge ansanm avèk periferik yo ki liste anba, ki dekri pi spesifikman nan fason sa: \_\_\_\_\_

---

(ki gen rapò kolektivman tankou “Aparèy Elektwonik”). Mwen rekonèt ke yo te ban mwen Aparèy Elektwonik lan pou rezon edikasyon m sèlman e Aparèy Elektwonik lan se pwopriyete Cambridge Public Schools, rete pwopriyete Cambridge Public Schools, e yo prete mwen l pandan mwen enskri kòm yon elèv nan Cambridge Public Schools. Mwen rekonèt epi konprann ke Cambridge Public Schools gen dwa pou l enspekte Aparèy Elektwonik lan nenpòt lè, chèche nenpòt fichye ki estoke sou Aparèy Elektwonik lan, ak tout enfòmasyon ki estoke sou Aparèy Elektwonik la sijè a divilgasyon anba lwa ak règleman sou dosye piblik eta, sof pou enfòmasyon ki ka egzan nan divilgasyon, tankou dokiman yo ki pwoteje anba lwa ak règleman eta ak federal sou dosye elèv la. Mwen konprann tou ke mwen dwe retounen Aparèy Elektwonik la lekòl la pou antretyen ak enspeksyon sou demann lekòl la.

Pi espesyalman, Mwen dakò avèk direktiv pou swen, pwoteksyon ak antretyen Aparèy Elektwonik la:

1. Mwen pral konnen ki kote Aparèy Elektwonik ki afekte a mwen an ye nan toutan e map kenbe Aparèy Elektwonik lan avèk mwen toutan sof si li ansekirite. Mwen pap janm kite Aparèy Elektwonik mwen an san sipèvizyon. Mwen konprann ke yo atann pou m sere Aparèy Elektwonik mwen an nan zòn ki apwopriye nan fason pou kenbe Aparèy Elektwonik mwen an nan bon kondisyon fonksyonman ak pou anpeche domaj akòz dlo, pousyè ak chanjman nan tanperati, sa ki gen ladan chalè ak freddi, ak pou egzèsè devwa swen ke yo atann de mwen pou konsèvasyon byen Cambridge Public Schools ak pou anpeche tou pèt, vòl, domaj oswa destriksyon Aparèy Elektwonik, e mwen pral kenbe ak retounen Aparèy Elektwonik lan nan menm kondisyon ke yo te ban mwen l.
2. Mwen pral kenbe modpas mwen prive ak ansekirite. Mwen pral enfòmè touswit administrasyon lekòl la si mwen panse ke modpas mwen pa prive ak an sekirite ankò.
3. Mwen pa pral janm prete Aparèy Elektwonik ke yo prete m nan bay okenn moun.

4. Mwen konprann ke nan fason pou reponn a egzijans Lwa Federal sou Pwoteksyon Timoun nan Entènèt [federal Children's Internet Protection Act (CIPA)], tout aktivite entènèt mwen, annakò avèk règleman Itilizasyon Akseptab Cambridge Public Schools, ap filtre. Mwen konprann ke filtraj aktivite entènèt nan Aparèy Elektwonik mwen an ap fèt keseswa nan itilizasyon lekòl la oswa andeyò lekòl la.
5. Mwen konprann nan fason pou asire sekirite ak bon jan fonksyonman Aparèy Elektwonik ki afekte a mwen an, gen yon aparèy sekirite kontwòl ki enstale sou li kap anrejistre tout aktivite aparèy la e Cambridge Public Schools rezève dwa pou kontwole aktivite aparèy la.
6. Mwen pap manje ak bwè bò kote Aparèy Elektwonik lan akòz bagay sa yo ka lakoz li andomaje.
7. Mwen pap make, desine, ekri oswa mete etikèt oswa mete desen sou Aparèy Elektwonik lan.
8. Mwen pa pral demonte oswa eseye okenn reparasyon, modifikasyon, mizajou oswa chanjman nan nenpòt pati nan Aparèy Elektwonik ki afekte a mwen an (sa a pral anile garanti Aparèy Elektwonik lan) nan nenpòt fason. Mwen pa pral re-fòmote Aparèy Elektwonik lan, manipile paramèt sekirite l, oswa chanje sistèm fonksyonman l oswa enstale okenn lojisyèl nan Aparèy Elektwonik lan. Anplis, Mwen pa pral itilize Aparèy Elektwonik lan pou telechaje lojisyèl, mizik oswa lòt pwogram oswa atik sou Entènèt, sof si mwen gen otorizasyon spesyal Depatman Sèvis Teknoloji ak Kominikasyon Enfòmasyon CPS ak administratè lekòl la pou m fè sa.
9. Si li andomaje oswa detwi, sa ki gen ladan, men ki pa limite a mak, fann oswa yon ti frape, Mwen pral rapòte domaj oswa destriksyon an bay CRLS Tech Center e mwen pral retounen Aparèy Elektwonik la touswit nan administrasyon lekòl la si li bezwen yon reparasyon.
10. Nan ka vòl, vandalis, oswa pèt Aparèy Elektwonik lan, mwen pral enfòme rapidman Biwo Ansèyman Kominotè mwen an.
11. Mwen pral swiv dispozisyon Règleman sou Itilizasyon Akseptab Cambridge Public Schools, Manyèl sou Kòd Lojisyèl Etik Dwa ak Responsablite ansanm avèk nenpòt règleman ki baze lekòl la. Mwen konprann ke konpòtman inapwopriye pa konfòme avèk dispozisyon règleman sou sou Itilizasyon Akseptab Cambridge Public Schools, Manyèl sou Kòd Lojisyèl Etik Dwa ak Responsablite ansanm avèk nenpòt règleman ki baze lekòl la ka kondwi a aksyon disiplinè, sa ki gen ladan men ki pa limite a, sispansyon oswa revokasyon privilèj, sispansyon oswa ekspilsyon nan lekòl la ak/oswa posib pouswit kriminel.
12. Mwen pral konfòme avèk tout akò lisans ak dwadotè aplikab ki entèdi telechaje medya ak lojisyèl ke yo pat akeri legalman.

13. Mwen pa pral angaje nan okenn asèlman, entimidasyon oswa zak entimidasyon (sa ki gen ladan san limitasyon, entimidasyon ak/oswa sibè-entimidasyon) nan yon tantativ pou deranje lòt moun kap itilize Aparèy Elektwonik mwen an oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik.
14. Mwen pral retounen Aparèy Elektwonik ki afekte a mwen an bay administratè lekòl la (oswa reprezantan l) si yo mande m pou fè sa. Si mwen soti, yo mete m deyò, oswa tèmine enskripsyon m nan lekòl mwen pou nenpòt rezon, Mwen pral retounen Aparèy Elektwonik mwen an nan administrasyon lekòl mwen an (oswa reprezantan l) nan dènye jou enskripsyon m nan lekòl la.
15. Mwen rekonèt ke valè aktyèl Aparèy Elektwonik lan se \_\_\_\_\_. Sizoka li ta pèdi, vòlè, domaje oswa detwi Aparèy Elektwonik la, keseswa entansyonèlman oswa akòz neglijan, mwen rekonèt epi dakò ke mwen pral responsab pou ranbouse Cambridge Public Schools pou depans ki gen rapò avèk ranplasman Aparèy Elektwonik la ak pou ede Cambridge Public Schools nan kolekte nenpòt lajan ki nesèsè pou peye pou pèt, vòl, domaj oswa destriksyon Aparèy Elektwonik mwen an. Mwen rekonèt ak dakò tou ke si mwen refize ak/oswa neglije pou retounen Aparèy Elektwonik lan, mwen pral responsab pou ranbouse Cambridge Public Schools pou pri ki gen rapò avèk ranplasman Aparèy Elektwonik lan e Cambridge Public Schools ka inisyè tou lòt pouswit apwopriye pou l chèche rekipasyon aparèy elektwonik lan ak/ranbousman pou depans ki gen rapò avèk ranplasman Aparèy Elektwonik lan.
16. Mwen konprann tou ke Cambridge Public Schools pa bay okenn garanti, keseswa eksprime oswa enplisit, osijè Aparèy Elektwonik la ansanm avèk sèvis yo lap bay. Mwen konprann Cambridge Public Schools pap responsab pou nenpòt domaj ki te rive, sa ki gen ladan pèt done, entèripsyon sèvis, reta, non-livrezon ak move livrezon. Mwen konprann ke Cambridge Public Schools pap responsab pou presizyon oswa kalite enfòmasyon ke mwen jwenn oswa estoke nan nenpòt rezo oswa entènèt e itilizasyon kalite enfòmasyon sa se nan pwòp risk mwen. Mwen konprann tou ke Cambridge Public Schools pap responsab pou obligasyon finansye ki ta rive akòz itilizasyon nenpòt rezo oswa entènèt la, e ke Cambridge Public Schools pa responsab pou nenpòt viris elektwonik oswa òdinatè oswa lojisyèl malveyan ka transfere nan oswa apati sipò estokaj done elèv la.

Lè ou siyen anba elèv la ak/paran /gadyen l rekonèt epi dakò avèk tèm itilizasyon ki etabli nan Akò sou Itilizasyon Aparèy Elektwonik pou Aparèy Elektwonik yo te prete mwen an ansanm avèk dispozisyon sou Règleman Itilizasyon Akseptab Cambridge Public Schools òdinatè ak sistèm rezo, Kòd Lojisyèl Etik Cambridge Public Schools ak Manyèl sou Dwa ak Responsablite Cambridge Public Schools ak nenpòt règleman ki baze sou lekòl la. Elèv la ak paran/gadyen l ap plis rekonèt ke yo chak te li Akò Itilizasyon sou Aparèy Elektwonik la pou Aparèy Elektwonik yo prete elèv yo epi konprann tèm li, ak siyen l volontèman avèk yon konesans konplè sou siyifikasyon l.

\_\_\_\_\_  
Ekri Non Elèv Anlèt Detache

\_\_\_\_\_  
Siyati Elèv

\_\_\_\_\_  
Ekri Non Paran/Gadyen Anlèt Detache

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran/Gadyen

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
CPSD Asset Tag #

### **POTE APARÈY ELEKTWONIK NAN KAY– DEZENSKRI**

Mwen te li epi konprann responsablite yo ki dekri anwo a e mwen pa vle pitit mwen pote Aparèy Elektwonik nan kay la. Mwen konprann anplis si aparèy elektwonik la ta nesèsè pou fè yon devwa pandan tan lekòl la yap ba li aksè a yon Aparèy Elektwonik, e si aparèy Elektwonik la nesèsè pou fè yon devwa andeyò lekòl la e devwa fasilman replikab nan kopi papyè, lekòl la ap bay materyèl an papyè pou pitit mwen pote nan kay la ak/oswa li ka, nan diskresyon l fè aranjman pou bay aksè a yon Aparèy Elektwonik sou Kanpis la andeyò èdtan salklas regilye yo.

\_\_\_\_\_  
Ekri Non Elèv Anlèt Detache

\_\_\_\_\_  
Siyati Elèv

\_\_\_\_\_  
Ekri Non Paran/Gadyen Anlèt Detache

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran/Gadyen

\_\_\_\_\_  
Dat